

Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens

Sekretarya Achidyosèz Pòtoprens
56, Ri Pikan ak Lama
Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

Commission Episcopale Nationale Justice et Paix Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè

Secrétariat national
BP 1572
Port-au-Prince Haïti 6110
Tel 29 43 00 79
cenjp@yahoo.com
www.justicepaixhaïti.org.ht

**Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan
*Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

JE WÈ, BOUCH FÈT POU PALE

Mwa Oktòb rive Desanm 2017

65

*Orijinal an kreyòl
Texte en français : voir pages 3 et 12
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source*

Lèt tou louvri ak tout Otorite Sivil, Otorite Lajitis ak Lapolis nan peyi a.

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè an kolaborasyon ak Komisyon Jistis ak Lapè achidyosèz Pòtoprens salye nou ak anpil respè. Se nan gwo tristès n ap ekri rapò sila a, paske tout kominote relijez yo ap kriye pou lanmò pè Joseph SIMOLY. Moun ak zam sou moto asasinan li nan fason lach devan pòt lakay li. Konviksyon l ak kwayans li te fòme pou genyen yon sosyete ayisyen ki pi kòrèk nan respè pou moun kote se prensip dwa yo ki rive reyone pou tout moun. Nan pawòl l ap preche yo, li pa t janm sispann denonse inegalite sosyal ki genyen nan sosyete a ak koripsyon k ap vale teren ki anpeche devlopman total pèp ayisyen an.

Zak ensekirite k ap frape sitwayen yo nan zòn metwopolitèn nan, ki pa sispann fè pale anpil, bay laperèz. Sitiyasyon sa yo vini akòz absans yon sistèm lajistis ki pa rann popilasyon an sèvis. Leta pa asire reskonsablite l kòm premye aktè ki dwe satisfè obligasyon li yo. Sa mete moun alèz lè yo gen move entansyon pou yo kontinye fè zak malonèt ki fè anpil domaj nan sosyete a.

Polisyè k ap mouri grenn pa grenn anba men kriminèl, abi ajan lameri yo ap fè sou moun, atak k ap fèt kont sitwayen k ap fè tranzaksyon lajan, nèg ak zam sou moto k ap fè òldòp sou moun nan mitan lari, konpòtman otorite ki pa gen respè pou lalwa, se tout bagay sa yo ki enkyete Komisyon an.

Evènman ki pase nan Gran Ravin nan atire atansyon nou yon fason espesyal. Mank pwofesyonèl lapolis ki mennen malè sa yo pa t dwe rive. Otorite Konsèy Siperyè Lapolis la ak Wo Kòmandman Lapolis la dwe aprann rete nan menm misyon yo genyen, ki se asire sekirite, pwoteje ak sèvi popilasyon an.

Nou dwe mande kilè lajistis ap ranpli misyon l toutbon ? Eske tout krim sa yo ap rete san yo pa pini koupab yo? Eske n ap fè yon repiblik tonbo? Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè kontinye preche fò ak byen wo respè pou dwa moun nan sosyete peyi dAyiti.

Sekretarya Komisyon an remèsye tout otorite nan Leta a ki te pèmèt yo verifye kèk enfòmasyon oswa done, tankou Lopital Inivèsite Leta dAyiti (HUEH) ak Lapolis Nasyonal dAyiti (PNH). Komisyon an salye nou e di nou mèsi pou bon akèy n ap bay 65yèm rapò sila a.

Lettre ouverte aux autorités civiles, Judiciaires et policières du pays.

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix en collaboration avec la Commission Justice et Paix de l'Archidiocèse de Port-au-Prince vous saluent respectueusement. Nous rédigeons ce rapport avec la plus grande tristesse car, les communautés religieuses pleurent encore la mort du feu père Joseph SIMOLY assassiné lâchement par des gens armés à moto, devant sa maison. Sa conviction et sa croyance étaient formées pour une société haïtienne plus juste et plus humaine où les principes de droit devraient rayonner pour tous. Souvent dans ses homélies, il ne cesse de dénoncer les grandes disparités sociales et la corruption qui fait écran au développement intégral du peuple haïtien.

Les actes d'insécurité qui frappent les citoyens dans la zone métropolitaine, qui ne cessent de défrayer la chronique et la peur résident dans l'absence d'un système de justice qui rend service à la population. Cette déresponsabilisation du côté de l'Etat qui est le premier détenteur des obligations rend confortable les esprits mal intentionnés pour continuer leurs actes qui portent dommage à la société.

Les cas de meurtre en série des policiers par des clans criminels, les abus à répétition des agents des mairies, les attaques contre les citoyens qui font des transactions financières, les cas de braquage en pleine rue par des gens à moto, le comportement des autorités qui manquent au respect de la loi, sont autant de choses qui préoccupent la Commission.

Les événements survenus à Grande Ravine attirent notre attention de façon spéciale. Cette bavure policière ne devrait pas avoir lieu. Les autorités du CSPN et le Haut Commandement de la Police nationale doivent se savoir investi d'une même mission qui est d'assurer la sécurité, de protéger et de servir la population.

Il est à se demander à quand la justice remplira effectivement sa mission ? Est-ce que tous ces crimes resteront définitivement impunis ? Ferons-nous une république des tombes ? La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix continue de prôner haut et fort le respect de la personne humaine dans la société haïtienne.

Le secrétariat de la Commission remercie les instances de l'Etat qui lui ont permis de vérifier certaines informations ou données, comme l'Hôpital de l'Université d'Etat d'Haïti (HUEH) et la Police Nationale d'Haïti (PNH). La Commission vous salue et vous remercie du bon accueil que vous réserverez au 65^{ième} rapport.

Mme Jocelyne Colas, Directrice Nationale

Joël JOSEPH, Secrétaire général Jilap Achipo

Me. Apollon Rovelsond, Responsable de l'observation

Port-au-Prince 21 février 1018

Tablo mwa oktòb rive desanm 2017

Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens

Tableau synthèse de la violence à Port-au-Prince

		Mwa Oktòb 46 viktim	Mwa Novanm 67 viktim	Mwa Desanm 32 Victim
a. Sou idantite viktim yo				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		6	3	-
Fanm ki viktim		1	9	5
Timoun ki viktim		2	1	-
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		26	34	15
Viktim yo konnen kilès		20	33	17
b. Sou lakòz lanmò yo				
Moun ki mouri ak bal		36	60	19
	Moun ki mouri ak bal lapolis	-		1
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis	5	17	-
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	16	27	3
	Viktim afwontman ant gang	-	-	
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	15	16	15
Moun ki touye tèt yo		-	-	-
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		-	5	5
Moun ki mouri nan aksidan		9	2	7
Moun ki mouri nan move tan		-	-	-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		1	-	1
c. Sou kèk katye : ki kote				
Komin Pòtoprens		29	51	16
Komin Site Solèy		1	-	1
Komin Kafou		-	1	3
Komin Dèlma		6	-	4
Komin Petyonvil, wout Frè		3	5	6
Komin Taba		3	1	-
Komin Kwadèboukè		4	9	2
d. Sou kèk lòt sikonstans				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		2	1	3
Etikèt kidnapè/bandi		-	-	-

Tablo 2016 ak 2017 konpare
Tableau comparatif 2016 et 2017

Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens

Tableau synthèse de la violence à Port-au-Prince

		Ane 2016 606 viktim	Ane 2017 443 viktim
Polis ak ajan sekirite ki viktim		26	16
Fanm ki viktim		44	40
Timoun ki viktim		22	13
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		460	263
Viktim yo konnen kilès		146	180
Moun ki mouri ak bal		425	346
	Moun ki mouri ak bal lapolis	78	72
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis		
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	81	69
	Viktim afwontman ant gang	9	56
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	257	149
Moun ki touye tèt yo		4	1
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		40	35
Moun ki mouri nan aksidan		51	48
Moun ki mouri nan move tan		18	4
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		68	9
Komin Pòtoprens		275	263
Komin Site Solèy		45	10
Komin Kafou		92	59
Komin Dèlma		65	38
Komin Petyonvil, wout Frè		55	38
Komin Taba		32	14
Komin Kwadèboukè		42	21

Analiz ak kòmantè 65 yèm rapò sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan

Pwen yo ki make trimès la :

Pou 4yèm trimès lane 2017 la, Komisyon an obsève 145 moun ki viktim anba vyolans ladan genyen 115 moun ki mouri anba bal. An total pou lane a gen 443 moun ki rejistre anba vyolans. Ki bay yon mwayèn 1,23 chak jou. Chif sa yo pa konplè, men yo endike ijans ak direksyon yon seri mezi ki dwe pran pou garanti lapè nan lespri ak lakay sitwayen ak sitwayè yo.

Plizyè ka moun viktim vyolans te obsève, youn pi grav pase lòt tankou:

1. Atak lanmò k ap fèt grenn pa grenn sou polisye nan lari espesyalman 8 polisye ak yon fanm polisye rive viktim. Ka fanm polisye Alshama TOUSSAINT, ki te fè pati 19 yèm pwomosyon lapolis nasyonal la, souleve anpil endiyasyon ak kòlè tout moun, paske zak sasinay sa a te sible yon fanm polisye. Sa reveye memwa sasinay jèn polisye Christine JEUNE nan lane 1994, ki viktim pou kouraj li poutèt li te reziste ak gwoup nèg ak zam ki kontwole katye popilè yo ki nan Site Solèy. Sa se 2zyèm zak sasinay ki fèt sou yon fanm polisye selon deklarasyon anpil sitwayen. Zak kriminel sa fèt ak yon gwo rezo gang k ap opere nan Kwadèboukè kote baz gang sa a tabli nan Kafou Nouyòk.
2. Lanmò trajik ak lach ki fèt sou pè Joseph SIMOLY jou ki te 21 desanm 2017 anba bal moun ak zam devan lakay li sou wout Frè.



Pè Joseph Simoly, yon apot lapè, ki t ap denonse maladi koripsyon an, ki tonbe anba bal asasen jou ki 21 desanm 2017.

Le Père Joseph Simoly, apôtre de la paix, qui dénonçait le fleau de la corruption, victime de la violence meurtrière le 21 décembre 2017.

3. Egzekisyon lapoula 4 fanm nan ri Dikè jou ki te 22 novanm 2017, pandan yo t ap chanje pawòl ak yon kliyan epi sa tounen mal. Depi li fè lanjelis, zòn sa a pa gen prezans lapolis pou asire sekirite se sa ki fè fanm ki nan aktivite lannuit yo toujou an danje. Asire dwa sekirite fizik moun se wòl Leta.

4. Yon dizèn te mouri nan premye semèn novann 2017, nan zòn Dekayèt 5yèm Avni Bòlòs te gen yon afwontman ant 2 gwoup gang. Pami viktim sa yo gen yon moun ki rele Ti ROKLYN. Yon sou kòmandman nan youn nan gang yo, se yon ti moun ki gen 15 lane ki rele TILAPYA, li se youn nan bawon lagè nan Gran Ravin, gen yon lòt ki rele CHRISLA, ki se chèf nan Ti Bwa. Sitwayen yo ki nan zòn sa yo toujou denonse relasyon rapwoche ki egziste ant otorite yo ak gwoup nèg ak zam yo. Sa k ap pase nan zòn sa a se vyolasyon dwa moun total kapital politisyen ak dirijan politik ap alimante.
5. 12 oktòb 2017 gen yon operasyon pinisyon brigad BOID fè sou moun Lilavwa, aprè yon polisye ki rele Watson JEAN te jwenn lanmò l anba bal bandi sou moto nan Lilavwa 39. Konsa, brigad polis sa a mennen plizyè operasyon pou fè vanjans pou konpayèl yo ki mouri a. Gen anpil moun ki viktim epi kay yo boule nan sitiyasyon sila a.
6. Lendi ki te 20 novanm 2017, 9 jèn gason mouri egzekite ak bal lapoula nan zòn Chansrèl sou lòd yon chèf gang ki rele COBY ki ta akize jèn sa yo kòm bandi swivan enfòmasyon Isca ki se yon chèf gang nan Belekou ki tap pale sou radyo Mega nan emisyon Boukante lapawòl ki anime ak jounalis Guerrier HENRY.

Depi kèk tan gen yon klima kanpo frajil ki obsève nan komin Site Solèy yo kapab konsidere kòm pwogrè, men reyalite anndan komin nan se yon barik poud men politisyen ak plizyè gwoup gang k ap feraye nan 34 katye nan Site Solèy, ap manipile. Sitwayen yo pale sou 2 gwoup ki gen anpil pouvwa, youn dirije ak GABRIEL alyas Ti OUGAN epi lòt la se ISCA k ap kòmande l.

7. Gen toujou yon zak sasinay sovaj sou yon sitwayen nan Dèlma 48. Yon gwoup eskadwon lanmò ki nan lameri Dèlma touye l poutèt li t ap pwoteste kont zak abitrè yo t ap fè sou ti machann. Li klè ajan lameri yo ki nan peyi a pa gen okenn respè pou dwa moun, pa gen youn jou ki pase pou pa gen youn zak abitrè ki fèt sou moun.

ETID YON KA

Nan rapò sa a nou analize yon sitiyasyon ki fè gwo bri nan finisman lane 2017 la, paske li montre pisans gwoup kriminel yo k ap evolye nan plizyè teritwa nan zòn Pòtoprens.

13 novann 2017, byen bonè nan maten, polis nasyonal peyi dAyiti te mobilize 260 ajan ak plizyè manm MINIJIS pou mennen yon operasyon kont gang epi pou rive pran bandi nan Gran Ravin. Pandan operasyon an ap dewoule, sitiyasyon an tounen nan dram avèk yon bilan 12 moun mouri lapoula, ladan l genyen 2 polisye. Yo arete 30 moun, epi gen plizyè lòt ki ta disparèt, ladan yo genyen Souvenir SOMMER ak Yves ZACHE.

Analiz sa ki pase a

Gran Ravin reprezante yon foto sosyal peyi a, lè n ap gade kondisyon sosyal moun yo ap viv. Se avèk tristès zòn sila a vini gen gwo renome nan zafè kriminel nan zòn metwopolitèn nan Pòtoprens. Toutan gen batay ak afwontman k ap ogmante, oswa se gang ak gang oswa se gang ak lapolis. Se yon kote ki fèmèn sou tèt li, e ki sou dominasyon plizyè klan kriminel. Popilasyon an prizonye anba gwoup asasen sa yo. Nan operasyon 20 novanm nan, nou konstate pa t gen yon jijman kòrèk sou sitiyaasyon an bò kote kòmandan lapolis la ak bò kote ajan ki sou teren an. Lapolis pa t chèche byen konnen anvan l fè dappiyanp sou moun li te pran pou sib li nan misyon sa a. Absans ranseyman kòrèk te mennen yon sitiyaasyon grav sitou pou plizyè moun inosan ki te sou kote lari a ki viktim. Lapolis te rantre ak fòs nan lekòl Maranata ki t ap fonksyone, apre yo te fè kwè gen yon depo zam ki kache anndan lekòl la. Moman sa a te lakòz tout elèv twomatize. Se yon dram ki san parèy. Nou kapab konprann derapay lapolis sa a sèlman andedan yon chema kote otorite leta yo sanble pa kontwole anyen nan zòn sa a, anwetan kèk politisyen ki nan kòkòday ak gang yo k ap aji kont enterè popilasyon yo. Konsa, lapolis pa t gen enfòmasyon ki nesèsè pou antre nan zòn sa a, epi ki pou te pèmèt yo kontwole l. Li pa t posib pou l te verifye anyen, ni nan tan ni nan espas. Dayè, sèvis ransèyman lapolis la sanble gen move grenn ladan l, paske, selon anpil enfòmasyon k ap pale nan zòn nan, bandi yo te konnen operasyon an t apral fèt.

Eske gen tèt ansanm ak konplisite grav ant lapolis ak gang yo ? Si yo ta kapab verifye bagay sa a tout bon, sa ta byen grav pou enstitisyon polis la. Pi lwen, yon chèf gang ki rele BOUGOY, te akonpaye ak plizyè bandi nan Tibwa ak lòt, yo te kouri dèyè yo nan Gran Ravin. Li t ap akize lapolis. Konsa, gen yon pakèt kesyon pou reponn si n vle rantre tout bon nan sa ki rive vrèman nan operasyon lapolis la ki fini nan san. Men kèk nan kesyon yo :

1. Kouman fè 260 polisye nasyonal mobilize pou al fè yon operasyon nan tèt ansanm ak fòs Minijis yo, san yo pa reyisi mete lapè, lòd epi sekirite nan Gran Ravin ?
2. Kisa ki te objektif gwo operasyon sa a ? Poukisa tout viktim sa yo ? Poukisa deklarasyon Wo Kòmandman Lapolis la fè, pa tonbe daplon ak deklarasyon ki fèt nan lòt nivo yo ?
3. Poukisa yo pa fè okenn otopsi pou 12 moun ki mouri yo nan operasyon sa a ? Kiyès ki mèt zam ki te sèvi pou touye moun yo ? Eske reprezantan Leta yo pa fè yon fòt grav nan misyon yo nan ka sila a ?
4. Eske li kòrèk pou yo mete tout akizasyon sa yo sou do polisye Glessend PHILIDOR sèlman, pandan yo fè li tounen sèl responsab lanmò tout moun sa yo ? Sou ki sa yo chita akizasyon sa yo ?
5. Konbyen moun yo te arete aprè evènman sa yo, epi ki kantite zam yo te jwenn ?

6. Eske li pa ta enpòtan pou yo ta egzaminen epi korije relasyon ki genyen ant Konsèy Siperyè Polis Nasyonal la¹ (CSPN) ak Wo Kòmandman Lapolis la, sitou pou yo rive egzaminen fason y ap pase lòd yo nan ka sa yo ?
7. Eske nou ka pale sou yon sèvis ransèyman ki kòrèk ki kontribye nan fè bon prevansyon sekirite nan peyi a ? Ki sa nou kapab di sou moun ki disparèt yo.

Ki sa k di pou divès moun ki disparèt yo

Anpil paran pokò rive konsòle aprè yon moun ki pwòch yo fin disparèt depi lè lapolis te debake ak echanj kout zam ki t ap fèt, jous kounye a. Anpil rechèch gen tan fèt toupatou. Sa se ka Souvenir SOMMER ak Yves ZACHHEE. Lapolis pa fè okenn deklarasyon sou ka grav sa yo. Lè n pale ak moun nan zòn nan, nou wè sou figi yo tout lapèn yo santi pou pale, tèlman sitiyasyon kote yo ye a pyeje. **Men temwayaj yo pale aklè sou arestasyon ki fèt yo, epi se plizyè inite lapolis ki te la lè sa te fèt.**

Kouman pou fè verite blayi si pa gen yon ankèt teknik syantifik?

Pou nou rive jwenn verite jidisyè a, li enpòtan pou devlope diferan mwayen pou rive konnen sa k te pase, paske nan anpil ka, lajistis pa gen tout mwayen pou li rezoud yon kesyon ou byen jije kòrèk. Chak fwa gen yon moun ki mouri kòm rezilta yon vyolans, li nesèsè pou yo fè yon otopsi (pou yo egzaminen kò a) pou mete aklè ki sa ki lakòz li. Otorite peyi a pa manifeste yon volonte politik reyèl pou kontwole ka moun ki mouri nan vyolans yo. Deklarasyon Wo Kòmandman Lapolis la te fè yo depaman ak lòt deklarasyon ki te fèt nan lòt nivo.

Se tout kesyon sa yo nou t ap poze tèt nou pandan nou t ap analize obsèvasyon nou yo pou nou te kapab ede fè vanse lajistis an jeneral nan evenman ki te pase Gran Ravin nan. Lajistis pa mande enstiti mediko legal fè travay li. Komisè gouvènman Pòtoprens lan distribye san mil (100.000) goud ak chak paran viktim yo pou yo kapab fè antèman yo. Yo kapab konsidere distribisyon sa a tankou yon jès ki retire responsabiltè Leta a anba misyon fondanatal li genyen pou garanti dwa chak sitwayen : dwa pou gen sekirite ak dwa pou l gen respè nan diyite menm apre li mouri. Poukisa yo prese fè antèman yo san yo pa bewen fè yon ankèt serye ? Eske komisè gouvènman an aji tankou yon otorite k ap garanti lajistis? Ki lè lajistis ap aji kont tout vyolans k ap desann valè dwa moun?

¹ CSPN, Conseil Supérieur de la Police Nationale, ou KSPN, Konsèy Nasyonal Polis Nasyonal la genyen moun sa yo ladan l : Premye Minis la, Minis Lajistis la ak Direktè Jeneral Lapolis la. Se Konsèy sa a ki premye reskonsab sekirite nan peyi a.

Rapò ant KSPN ak Wo Kòmandman nan Lapolis la

Absans lojik ak vizyon sou sekirite piblik ki genyen nan nivo KNPB poze yon gwo pwoblèm. Evènman Gran Ravin nan pèmèt yo wè yon fason klè nivo mank responsabilite ak mank tèt ansanm nan mitan otorite yo k ap travèse Wo Kòmandman Lapolis la.

Destabilizasyon Polis Nasyonal la

An n tounen nan odisyon tout manb Konsèy Siperyè Polis Nasyonal (KSPN) ki t ap fèt sou envitasyon Komisyon Jistis, Sekirite ak Defans nasyonal nan Sena a, jou ki te lendi 20 novanm 2017 la, nan lide pou te konnen sa ki te pase nan gran Ravin nan. Sa te etone tout moun pou wè ki jan otorite ki nan KSPN nan ak nan Wo Kòmandman Lapolis nasyonal la, youn apre lòt, t ap retire tèt yo nan gwo dram ki te pase nan zòn Gran Ravin nan. Daprè anpil enfòmasyon k ap sikile, direktè depatman Lwès la, ki rele Alain Auguste, te konn resevwa toutan lòd ki soti dirèk nan palè nasyonal la. Kòm konsekans, Wo Kòmandman Lapolis la afime li pa gen tout chaj sekirite peyi a, akòz otorite politik yo ki antre dirèk nan kesyon an, sa ki anpeche yon bon òganizasyon sekirite peyi a. Nan finisman odisyon an ki te fèt nan Sena a, aktè yo pale sou divizyon ki genyen nan chèn kòmandman lapolis la, ki alabaz dram Gran Ravin nan.

Se tout kesyon sa yo ki soulve nan analiz obsèvasyon Komisyon Jistis ak Lapè ap fè, nan sousi pou pote limyè nan zafè grav sa a, paske li montre akèlè nan ki nivo otorite nan Leta nou yo pa kab trete dosye peyi a nan dimansyon otorite ki responsab respè dwa ak lavi moun.

Konklizyon

Afè Gran Ravin nan, nou dwe rele l yon gwo derapaj lapolis ki fini nan san plizyè moun, epi gen kèk lòt moun ki disparèt toujou. Fòk nou lonje dwèt sou move jesyon otorite yo nan Leta a ki reskonsab pou sekirite nan lajistis nan peyi a. Move rezilta travay ajan polis yo pandan operasyon sou teren an montre yon tablo tris sou enstitisyon polis la k ap travèse anpil difikilte nan nivo kòmandman li ak nan fason yo egzekite tach yo.

Li enpòtan pou yo fikse reskonsabilite yo akèlè epi pou yo pran sanksyon yo kòm sadwa. Li klè tou, nan moman an, pa gen okenn politik sekirite ki egziste ki byen madre, kote leta byen defini yon plan taktik ak estrateji nan nivo zòn metwopolitèn Pòtoprens pou li kapab kontre kare ak zak bann kriminèl yo. Lanmò 12 moun ki fèt nan masak sa a, moun ki disparèt yo ak kantite moun yo arete yo pa montre enpòtans operasyon sila a ki bwè lwil, okontrè, li dezapwouve enstitisyon lapolis la ki manke efikas.

Yo dwe kontinye chèche moun ki disparèt yo paske, selon enfòmasyon ki genyen, yo te wè moun sa yo nan men yon inite lapolis nan moman arestasyon an, konsa tou, yo te wè plizyè machin san plak nan zòn nan lè sa te fèt.

Sitiyasyon sa yo ranfòse pisans ak pouvwa gang yo ki enpoze lwa yo nan zòn nan, se wòl otorite yo pou yo mete kanpe otorite Leta a nan poze aksyon k ap mennen respè pou dwa moun k ap viv nan Gran Ravin. Li t ap dwòl pou pa genyen okenn aksyon ki fèt kont otorite k ap tete lang ak bandi yo.

Fòk prese prese yo retabli otorite total lajistis pou veye sou respè dwa moun paske lè gen deriv nan demokrasi, se lalwa yo dwe aplike.

Rekòmandasyon Komisyon Jistis ak Lapè

1. Pou konnen verite nan sa ki pase nan operasyon Gran Ravin nan, Gouvènman an dwe :
 - a) Mete kanpe yon komisyon verite, ak moun ki ekspè epi endepandan
 - b) Fè otopsi kadav yo.
 - ch) Fè limyè sou moun ki disparèt yo
 - c) Rele otorite politik yo ki nan konfyolo ak gang yo devan lajistis.
 - d) Fè yon pwosè kont gang yo pou yo fini ak yo.

2. Pou rive ak yon pwosè syantifik nan jistis la, Ministè Jistis ak Sekirite Piblik dwe :
 - a) Fè apèl ak ekspètiz (ou konpetans) Enstiti Medikolegal la.
 - b) Respekte atik 33 ak 34 kòd enstriksyon kriminèl la ki ekzije yo fè otopsi mò yo.
 - ch) Mete bous pou etidyan ki nan medsen pou ogmante kantite medsen lejis yo nan peyi a.

3. Pou gen sekirite tout bon vre nan zòn metwopolitèn nan, Konsèy Siperyè Polis Nasyonal la dwe :
 - a) Gen pataj responsabilite ant KSPN ak Wo Kòmandman Lapolis la.
 - b) Evite fòre politik nan nivo kòmandman lapolis la.
 - c) Mete yon asistans sikolojik ak sosyal ki bon pou ajan polis yo.

4. Pou sa ki konsènen gang yo k ap kraze brize nan zòn metwopolitèn, Konsèy Siperyè Polis Nasyonal la ansanm ak Ministè ki konsènen yo dwe:

- a) Pran yon desizyon politik pou fini ak bann ak pakèt rezo gang yo ki menase sekirite nasyonal peyi a.
- b) Mete sou pye bon pwogram sosyal epi kreye travay nan katye popilè yo pou anpeche jèn fi ak jèn gason tonbe nan delenkans ak zak kriminèl.

Analyse et commentaire du 65^{ième} rapport sur la violence à travers la zone métropolitaine

Les faits saillants du trimestre

Pour le quatrième trimestre de l'année 2017, la Commission a observé 145 victimes de violence mortelle dont 115 tuées par balle. Au total pour l'année 443 victimes de la violence mortelle personnes ont été enregistrées. En moyenne 1,23 chaque jour.

Ces chiffres sont incomplets, mais ils indiquent l'urgence et la direction de certaines mesures à prendre, pour garantir la quiétude d'esprit et la paix chez les citoyens et citoyennes.

Il a été observé plusieurs cas de personnes victime de violence, les uns sont plus révoltant que les autres comme :

1. Les attaques mortelles en série contre des policiers en pleine rue où huit (8) policiers et une (1) policière ont été victimes. Le cas de la policière Alshama TOUSSAINT, faisant partie de la 19^{ième} promotion de la PNH, est particulièrement révoltant. Il a soulevé l'indignation de plus d'un, car cet assassinat où une femme-policière a été ciblée, réveille la mémoire de l'assassinat de la jeune policière Christine JEUNE en 1994, victime de son courage pour avoir résisté aux groupes de citoyens armés qui contrôlaient les quartiers populaires. Il s'agit du deuxième cas d'une femme policière abattue, selon la déclaration de plusieurs citoyens. Cet acte crapuleux a été perpétré par un puissant réseau de gang opérant à la Croix-des-Bouquets dont sa base se trouve à carrefour New York.
2. L'assassinat tragique et lâche du feu père Joseph SIMOLY le 21 décembre 2017, par des individus armés dans la cour de sa résidence à route Frères.

3. L'exécution sommaire de quatre femmes de joie à la rue du Quai en date du 22 novembre 2017, quand un échange entre elles et un client serait mal tournée. Dans cette zone, à la tombée de la nuit, la présence policière n'est pas assurée et les femmes prostituées sont livrées à elles-mêmes. Assurer le droit à la sécurité physique est une prérogative de l'Etat.
4. Une dizaine de personne dont le nommé Ti ROCKLYN a été tuée au cours de la première semaine du mois de novembre 2017 dans la périphérie de Descaette, zone 5^{ème} avenue Bolosse. Il s'agit d'un affrontement entre des gangs rivaux, respectivement sous le commandement de Ti Lapli, un mineur de 15 ans qui est un des seigneurs de guerre de Grande Ravine, et Christ, l'homme fort de Ti Bwa. Les citoyens de la zone ont souvent dénoncé la relation de proximité existant entre les autorités et ces groupes armés. Ce qui se passe au niveau de cette zone est fondamentalement une atteinte aux droits de la personne humaine cautionnée par les dirigeants politiques.
5. Le 12 octobre 2017, il y a eu une expédition punitive de la brigade BOID à Lilavois suite à l'assassinat de l'un des leurs dénommé Watson JEAN par des individus circulant à moto à Lilavois 39. Ces policiers ont mené des opérations de vengeance, plusieurs personnes sont victimes, des maisons incendiées.
6. Le lundi 20 novembre 2017, neuf (9) jeunes garçons appartenant à des clans criminels, ont été exécutés sommairement par le groupe sous l'obédience de COBY dans la zone de Chancerelle. Les jeunes étaient accusés d'être des bandits **selon l'information du nommé ISCA, chef gang de Bélécou à la radio Méga dans l'émission *Boukante Lapawòl* animée par le journaliste Guerrier HENRY.**

Depuis plus d'une année on constate un calme apparent dans la commune de Cité Soleil, ce qui pourrait être pris comme l'instauration de la paix dans la zone ! Par contre, la Cité demeure une barrique de poudre manipulée par certains politiciens qui manipulent les différentes fractions criminelles qui se trouvent dans les 34 quartiers de la Cité. Des citoyens mentionnent la bande armée menée par le nommé Gabriel, alias Ti Ougan, et celle dirigée par Isca, qui sont deux gangs très puissants.

7. L'assassinat sauvage en pleine rue d'un citoyen à Delmas 48 par des escadrons de la Mairie de Delmas, pour le simple fait qu'il protestait contre leurs actes arbitraires. Définitivement les agents des mairies de la République n'ont aucun respect pour les droits humains ; pas un jour passé, sans qu'il n'y ait des cas d'abus.

ETUDE DE CAS

Dans ce rapport nous analysons une situation qui a fait écho à la fin de l'année 2017 et qui illustre **la puissance** des groupes criminels qui évoluent dans les banlieues de la zone métropolitaine de Port-au-Prince.

Le 13 novembre 2017 à l'aube, la Police Nationale d'Haïti a mobilisé 260 agents et plusieurs membres de la MINUJUSTH pour mener une opération antigang et pour traquer des bandits armés à Grande Ravine. Lors du déroulement de cette opération, la situation a tournée au drame, avec comme bilan : 12 personnes tuées dont deux policiers ; une trentaine d'individus ont été arrêtés, plusieurs personnes sont portées disparues, dont les nommés Souvenir SOMMER et Yves ZACHE.

Analyse des faits

Grand Ravine représente une photographie sociale du pays, eu égard à la condition d'existence des gens. Cet endroit est devenu tristement célèbre en matière de criminalité dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince. Régulièrement des combats et affrontements se multiplient soit entre les gangs rivaux ou bien avec les forces de police. C'est une banlieue fermée sur elle-même et sous la domination des clans criminels. La population est prisonnière de ces groupes sans foi ni loi.

Dans cette opération, on constate le niveau de légèreté des responsables tant au niveau du commandement de la PNH qu'au niveau des agents sur le terrain, dont les informations étaient vraiment incorrectes. La police n'a pas cherché préalablement à neutraliser les cibles dans cette mission. L'absence de renseignements précis a entraîné ce dérapage qui a coûté la vie à de nombreuses personnes innocentes. Une bavure sans pareille constitue l'irruption de la police dans l'école Maranatha en plein fonctionnement, en évoquant la présence d'un dépôt d'armes qui se trouverait à l'intérieur de celle-ci; ce qui a eu la traumatisation générale des élèves comme résultat.

Cette bavure policière ne peut se comprendre que dans un schéma où les autorités étatiques semblent ne rien contrôler dans cette zone ; à part certains politiciens qui pactisent avec les gangsters au détriment de la population. Ainsi, les informations pour contrôler et pénétrer la zone de manière valable seraient impossibles à vérifier dans le temps et dans l'espace. D'ailleurs le service de renseignement de la police semble fatalement infiltré. Car, selon des informations recueillies sur le terrain, les bandits ont été au courant de l'opération qui allait être menée. Existe-t-il une collusion ou pire une complicité entre les informateurs de la police et les gangs ?

Si cela s'avérerait vrai, ce serait très grave pour l'institution policière. Plus loin, le nommé Bougoy, chef de gang, aurait accusé la police qui s'est fait accompagner de certains bandits de Tibwa et d'autres qui avaient été chassés de Grande Ravine. Il y a une plénitude de questions à répondre pour pouvoir pénétrer le réel de cette opération policière qui a tourné au drame. En voici quelques-unes :

1. Comment se fait-il que 260 policiers nationaux mobilisés pour effectuer l'opération avec back up des forces de la MINUJUSTH, n'ont pas pu réussir à rétablir la paix et l'ordre sécuritaire à Grande Ravine ?

2. Quel était l'objectif exact poursuivi dans cette opération d'envergure ? Pourquoi les déclarations faites par le haut commandement de la PNH ne s'accordent pas avec celles faites aux autres niveaux?
3. Pourquoi aucune autopsie n'a été pratiquée sur les cadavres des 12 personnes tuées dans l'opération ? Ne serait-ce pas un manquement grave à la mission de l'Etat ?
4. Est-il normal de jeter toutes les accusations sur le policier Glessend PHILIDOR et de faire croire qu'il est le seul responsable de la mort de ces personnes ? Sur quoi sont basées ces accusations ?
5. Combien de personnes ont été appréhendées suite aux événements ? Quelle quantité d'armes a été saisie?
6. Ne serait-il pas évident de soumettre à une révision générale les relations existantes entre le CSPN² et le haut commandement de la PNH, ainsi que le mode de passer des commandes en pareil cas?
7. Peut-on parler d'un service de renseignement efficace qui contribue à créer une bonne prévention sécuritaire dans le pays ?

Que dire de la disparition de plusieurs personnes ?

Plusieurs parents sont encore inconsolable suite à la disparition jusqu'à date de leurs proches à l'occasion de ce débâcle, malgré les recherches effectuées un peu partout. C'est le cas des nommés **Souvenir SOMMER** et **Yves ZACHE**. La police n'a pas fait aucune communication sur ces faits troublants. Parlant aux résidents de la zone, on peut lire sur leurs visages le malaise qu'ils éprouvent pour en parler, tellement la situation là-bas est piégée. Mais les témoignages parlent clairement d'une arrestation par des unités de la police.

Comment faire jaillir la lumière sans une enquête technico-scientifique ?

Pour arriver à la vérité judiciaire, il est essentiel de développer les moyens pour y arriver. Dans beaucoup de cas, la justice n'a pas les moyens pour trancher ou juger correctement. Toute mort violente nécessite une expertise ou autopsie pour déterminer la cause du décès. Les autorités de la République n'ont pas manifesté la volonté politique pour contrôler les cas de mort violente, ce qui pourrait aider à faire avancer la justice en général.

Dans les événements survenus à Grande Ravine, la justice n'a pas saisi l'institut médico-légal. **La distribution par le Commissaire du Gouvernement de Port-au-Prince d'un montant de cent mille (100.000) gourdes aux parents des victimes pour permettre leurs funérailles, pourrait être considérée comme un geste de déresponsabilisation de l'Etat par rapport à sa mission fondamentale de garantir les droits de chaque citoyen : le droit à**

² CSPN : Le Conseil Supérieur de la Police Nationale est composé du Premier Ministre, le Ministre de la Justice et le Chef de la Police. Le Conseil est le premier responsable de la sécurité dans le pays.

la sécurité et le droit d'être respecté dans sa dignité même après sa mort. Pourquoi cet empressement de faire les inhumations sans une enquête sérieuse? Est ce que le Commissaire du Gouvernement a agit comme garant de la justice? Quand est ce que la justice agira contre ces violences qui portent atteinte aux droits humains?

Le rapport entre le CSPN et le Haut Commandement

L'absence d'articulation en termes de vision sécuritaire au niveau du CSPN pose de sérieux problèmes. Les évènements à Grande Ravine permet de mettre à clair le niveau d'irresponsabilité de nos autorités et les divisions qui traversant le Haut Commandement de la PNH.

La déstabilisation politique de la PNH

Revenons à l'audition des membres du Conseil Supérieur de la Police Nationale par la Commission Justice, Sécurité et Défense nationale du Senat, le lundi 20 novembre 2017 en vue de s'enquérir sur la situation. Grande était l'étonnement d'entendre les autorités du CSPN et de la PNH à tour de rôle affirmer qu'ils ignorent leur responsabilité à un niveau ou à un autre dans la débâcle de Grande Ravine. Selon les informations qui circulent, le Directeur départemental de la PNH, Alain AUGUSTE, recevait couramment des ordres directement du Palais National. Ce qui a comme conséquence que le Haut Commandement de la Police Nationale peut affirmer qu'il n'est pas en charge de la sécurité du pays, vu les interférences directes des autorités politiques, ce qui empêche la bonne organisation sécuritaire du pays. Au terme de cette audition, les acteurs parlaient d'une discordance au niveau de la chaîne de commandement qui serait à l'origine du drame de Grande Ravine.

Ce sont autant de questions qui agitent l'analyse de notre observation au niveau de la Commission Justice et Paix dans le souci de porter lumière dans cette affaire troublante et qui illustre clairement jusqu'à quel niveau nos hommes d'Etat n'ont pas su traiter les affaires de la République à la dimension d'autorité responsable du respect des droits et de la vie de la personne humaine.

